

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Peman pou Deplasman pou al fè Egzamen Medikal



Lè w aplike pou enfimite epi nou mande w pou ale fè yon egzamen medikal, èske nou ka peye frè deplasman an?

Nou ka anmezi pou peye frè deplasman an pou ale nan randevou a epi pou tounen lakay ou. Nou fè sa atravè Sèvis Leta pou Detèminasyon Enfimite (DDS). Se DDS ki **deside** si yon moun enfim oswa avèg

Kisa w bezwen fè pou nou ka peye frè deplasman an?

DDS ap voye yon lèt ba ou konsènan egzamen medikal la. Lèt sa a ap fè w konnen kisa pou ou fè aprè egzamen an pou yo ka peye frè deplasman ou.

Esi w gen yon pwoblèm espesyal oswa ou bezwen kèk lajan deplasman anvan w al fè egzamen an?

Rele oswa ekri anplwaye DDS la ki te voye lèt la ba ou konsènan egzamen medikal la. Eksplike kisa pwoblèm espesyal ou ye oswa pou kisa ou bezwen lajan anvan egzamen an. Pa egzanp, si w pa gen yon oto, ou ka bezwen peye yon moun pou kondwi ou.

Kouman pou w jwenn lajan an?

Apre egzamen an, w ap bezwen ranpli yon fòm ki montre depans ou fè pou deplasman an. DDS ka anmezi pou peye w lajan an selon enfòmasyon ki sou fòm sa a. Yo ka mande w tou resi konpayi transpò a.

- Si w resevwa lajan an anvan egzamen an epi lajan an pa ase pou frè deplasman an, DDS ap peye rès lajan an.

Si w te resevwa plis lajan pase sa w depanse anvan egzamen an, ou dwe ranbouse diferans lan.

Kisa pou w fè si w bezwen yon moun pou ede w al fè yon egzamen?

Rele oswa ekri anplwaye DDS ki te voye lèt la ba ou konsènan egzamen medikal la. Eksplike pou kisa ou bezwen yon moun pou ede ou. DDS ka anmezi pou peye yon moun pou ale avèk ou.